

FEVRIYE

PREK-KINDERGARTEN

Aprann ansanm
Sèvi ak aktivite senp sa yo pou amize
ou epi aprann chak jou!



SEMÈN 1

Pale de lèt majiskil ak lèt miniskil yo *Ss*, *Tt*, ak *Uu* avèk son yo fè yo. Kreye kèk chante amizan lè ou itilize mo ki kòmanse ak chak lèt.

Lonje dwèt ou sou mo yo pandan w ap li ak pitit ou. Sa ap ede pitit ou matche mo ekri ak mo pale.



Envètebre yo se bèt ki pa gen zo nan do, tankou ensèk, vè de tè ak menm eponj lanmè. Èske ou ka jwenn kèk envètebre nan anviwònman ou?




Mete twa atik youn apre lòt. Mande pitit ou, “Kisa ki an premye? Kisa ki an mitan? Kisa ki an dènye?” Re aranje atik yo ankò epi poze menm kesyon yo.

Anseye pitit ou fason pou jere santiman ki boulvèse yo. Pa egzanp, si yo kòmanse santi yo fache oswa pè, yo ka konte jiska 10 pandan y ap pran gwo souf.



SEMÈN 2

Rasanble kèk atik nan divès gwosè. Mande pitit ou pou klase yo pa gwosè—soti nan pi piti rive nan pi gwo epi apre sa soti nan pi gwo rive nan pi piti.



Dekouvri sa pitit ou konnen sou dezè pandan wap jwe yon jwèt. Pran tou de wòl pou konplete fraz sa a: Nan yon dezè, ou ka wè/tande/santi_____.

Pale ak pitit ou sou limite tan yo pase devan ekran. Eksplike yo ke lè yo pase mwens tan sou yon ekran, yo gen plis tan pou yo jwe deyò ak fè egzèsis.

Li amizan pou panse a mo ki rime ak non pitit ou! Fè tout fanmi an patisipe epi pran tou pou jwenn mo ki rime ak chak nan non nou yo.

Mande pitit ou pou dekri jou ki pafè pou li. Ankouraje yo pou yo vin kreyatif. Fè yo eksplike tout bagay sou jou yo an detay ke yo kapab.

SEMÈN 3

Pratike sekans nan kay la lè w ap fè yon travay tankou prepare pou jounen an. Pale sou etap yo pandan w ap avanse. Kisa ou fè an premye, apre sa, epi finalman?

Bay pitit ou yon jounal oswa yon magazin. Fè yo chèche epi fè yon sèk sou lèt *Vv*, *Ww*, ak *Xx*. Yo ka itilize yon koulè diferan pou chak lèt.



Ki moun ki pi wo nan fanmi ou? Èske pitit ou ka mete manm fanmi ou yo nan lòd soti nan pi wo rive nan pi kout? Eseye jwenn bagay ki wo ak kout nan lanati.

Dekouvri sa pitit ou konnen sou forè twopikal pandan wap jwe yon jwèt. Pran tou pou konplete fraz sa a: Nan forè twopikal, ou ka wè/tande/santi_____.


Anseye pitit ou itilize woutin. Ansanm, fè yon afich ak woutin chak jou yo. Sa ap ede yo konprann travay ak evènman chak jou.

SEMÈN 4

Li yon fraz byen fò ak bon ekspresyon. Fè pitit ou li (oswa repete) li tounen ba ou, imite fason ou te li li a. Bezwen yon liv? Eseye li [Mine!](#)

Ranmasse 7 atik. Mande pitit ou touche epi konte chak atik. Raple yo ke dènye nimewo yo di a se kantite total atik pou gwoup la.

Anseye pitit ou ki atik ki ka resikle: vè, papye, bwat, eksetera. Si gen resiklaj nan vil ou, ede pitit ou klase atik resiklaj ou yo.



Ede pitit ou pratike retire son nan mo. Pa egzanp, mande pitit ou di *solèy(sun)*. Lè sa a, mande yo retire son s la. Yo di *Olèy(un)*.

Ki objèktif pitit ou vle reyalize? Ekri objèktif la epi fè yon lis bagay yo pral beswen fè pou reyalize li. Tcheke pwogrè yo regilyèman!